

Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO RAPLE OTOMOBILIS YO POU KONFÒME YO AK LWA "MOVE OVER" NEW YORK LA LÈ YO AP PWOCHÈ MACHIN IJANS OSWA RISK SOU TOUT WOUT YO

Jounen Nasyonal "Move Over" Samdi a ap ankouraje Chofè yo ralanti epi bay Travayè Otowout yo ak sekouris yo Espas pou yo Travay san Danje.

Lapolis Eta New York te rankontre 13,059 enfraksyon kont lwa Move Over a an 2018

Nan kad Jounen Nasyonal Move Over la (Mete Akote), jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te mete aksan sou enpòtans lwa Move Over New York la, ki egzije pou otomobilis yo kondwi avèk pridans, ralanti, epi deplase an sekirite lè yo ap pwochè machin ijans oswa risk ki kanpe sou wout yo atravè tout Eta a. Rapèl la vini lavèy Jounen Nasyonal Move Over, ki fèt chak ane nan twazyèm Samdi mwa Oktòb.

"Lapolis, travayè otowout, chofè kamyon remokaj ak sekouris yo riske lavi yo chak jou pou nou ka kondwi an sekirite atravè New York", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pou byennèt tout moun, mwen ankouraje otomobilis yo respekte Lwa Move Over a epi sèvi ak bon sans yo. Lè nou wè yon machin ijans oswa risk sou otowout la, ralanti epi montre nou gen koutwazi pou avanse machin nou an sou yon bò pou bay gason ak fanm brav sa yo espas pou yo travay."

Responsab Otorite Thruway nan Eta New York (New York State Thruway Authority), Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYS DOT), Lapolis Eta New York ak Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee) te mennen yon kanpay sansibilizasyon jodi a nan Seksyon Mentnans Thruway la nan Konte Herkimer, pou mande chofè yo pou yo respekte lalwa. Demen, pandan - Jounen Nasyonal Move Over - diferan pano siyalizasyon elektwonik ki sou tout otowout Eta a pral afiche rapèl pou fè pwomosyon [kanpay sansibilizasyon](#) sou Lwa Move Over a.

Lwa Move Over New York la te adopte an 2011 pou pwoteje Nouyokè k ap travay sou wout yo epi yo te elaji lè sa pou mete plis kalite machin ijans ak risk yo. Lwa Move Over a aplike sou tou de bò wout la - pa sèlman sou bòdi dwat la - e gen ladan l kamyon remokaj, machin konstriksyon, machin mentnans otowout, machin lapolis, kamyon ponpye ak anbilans. Nouvo lwa a aplike a machin ki gen limyè ble, vè, wouj, blan oubyen limyè jòn yo ki bay lapolis plis otorite pou sanksyone moun ki vyole sekirite moun ki ap travay sou otowout yo.

Lapolis Eta New York te rankontre 13,059 enfraksyon kont lwa Move Over a an 2018. Moun k ap vyole lwa sa yo ka fè fas a de pwen nan pèmi kondui yo ak yon amann 150 dola pou pi piti pou premye enfraksyon an.

Anplis Jounen Nasyonal Move Over a, Otorite Thruway fèk pibliye yon [Anons Sekirite Piblik \(Public Safety Announcement, PSA\) sou Sekirite Zòn Travay](#) avèk Sally Deming, vèv anlwaye Mentnans Thruway la, Ron Deming. Deming te mouri nan Little Falls yon fason trajik pandan li t ap travay sou otowout Eta New York la nan mwa Oktòb 2016. PSA, yo te pase sou estasyon televizyon atravè Eta a ak sou rezo sosyal, te gen anlwaye Otorite Antretyen Thruway ki te enplike nan dènye ensidan zòn travay yo.

Ete ki sot pase a, Depatman Transpò Eta a te pibliye tou yon [Anons Sekirite Piblik](#) kote yo mete aksan sou enpòtans ki genyen pou deplase akote nan zòn travay konstriksyon yo, tout pandan y ap evite distrè pandan y ap kondi. PSA sa a konplete de lòt, tankou yon PSA Otorite Thruway te pibliye an 2017 ki montre danje sekouris New York yo ap fè fas ak yon lòt PSA Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a kote y ap ankouraje vwayajè yo ralanti epi deplase akote sou otowout New York la.

Nan dat 13 Mas 2019, travayè Rejyon 9 DOT, Dennis "Matt" Howe te estasyon sou bò Route 17 lan ak limyè li ki t ap klinyote, pou enfòm otomobilis yo de yon ekip reparasyon woutye pi ba wout la. Yon semi-remòk ki pa te rive mete l akote te frape kamyon Matt la, li te blese l mòtèlman. Li te mouri 18 Mas, 2019. Li te kite anpil manm fanmi, zanmi ak kolèg dèyè l. Yo pral renonmen seksyon nan State Route 17 kote aksidan an te rive pou komemore ak onore Mesye Howe.

Pandan tout sezon ete a, Lapolis Eta a te travay ak NYSDOT sou yon inisyativ komen ki rele "Operation Hard Hat" (Operasyon Kas Pwoteksyon), ki te gen ladan l Sòlda Eta a abiye tankou travayè otowout pou goumen kont vyolasyon zòn travay yo epi mete aksan sou enpòtans pou kondwi san danje nan zòn travay konstriksyon ak mentnans yo. Sòlda yo t ap siveye otomobilis ki te vyole Lwa Move Over Eta a epi bay plizyè santèn kontravansyon pou divès kalite vyolasyon, tankou vitès ak senti sekirite.

Anplis de sa, NYSDOT ak Otorite Thruway patwone yon ekspozisyon nan ekspozisyon Eta New York ane sa a ki montre enpòtans pou kondwi san danje nan zòn travay otowout yo. Li te gen ladan l ekipman machin ki antre nan zòn kote anlwaye ak kontraktè ajans yo t ap travay sou otowout la domaje.

Direktè Egzekitif Otorite Thruway Eta New York la, Matthew J. Driscoll, te deklare, "Sa fè prèske twa ane depi lanmò Ron nan, e malerezman travayè mentnans ak sekouris yo ap fè fas ak sitiyasyon kote otomobilis yo pa ralanti epi mete akote san danje. Sa a se pa sèlman yon koutwazi - se yon lwa nan Eta New York. Gason ak fanm sa yo se moun toutbon yo ye ki gen fanmi. Tanpri, ede yo retounen lakay yo san danje nan fen jounen travay yo epi ba yo atansyon w lè yo sou wout la".

Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez te deklare, "Lwa Move Over Gouvènè Cuomo a chita fondamantalman sou sekirite. Li bay lapolis, sekouris ak travayè otowout yo espas yo bezwen pou yo fè travay la - kit se pou sove lavi oswa kreye yon sistèm transpò pi an sekirite. Nou pran angajman pou sekirite mendèv nou an e kanpay Move Over a se jis youn nan plizyè fason NYSDOT ap travay

pou pwoteje anplwaye nou yo epi edike piblik la sou sekirite wout yo. Y ap travay pou kenbe nou an sekirite; Annou tout travay pou kenbe yo an sekirite".

Mark Schroeder, Komisè Depatman Veyikil a Motè Eta a (State Department of Motor Vehicles) ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee), te deklare: "Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske l ap fè pwomosyon pou inisyativ vital sa a sou sekirite sikilasyon. Li senp, ede evite yon kolizyon lè w deplase akote lè w wè machin ijans oswa risk yo kanpe arebò wout la. Lwa Move Over New York bay moun ki ap travay sou wout la espas nesèsè ki san danje pou yo ka fè travay enpòtan y ap fè a".

Sipè Entandan Polis Eta a, Keith M. Corlett te deklare, "Polis Eta New York la angaje pou kenbe wout nou yo an sekirite - pou sila yo k ap vwayaje sou yo, e pou sila yo k ap travay sou yo. Moun k ap travay sou wout nou yo travay nan kèk nan kondisyon ki pi danjere yo, kidonk yo ta dwe kapab fè travay yo a san yo pa bezwen pè pou malè pa rive. Nou ankouraje tout chofè yo ralanti epi pase sou kote lè w wè yon veyikil ijans oubyen yon ekip mentnans sou kote yon wout. Rete an alèt epi mete aparèy elektwonik ou yo sou kote. Jwe wòl pa w pou asire sekirite w ak sekirite lòt moun yo".

N ap raple otomobilis yo ke kontravansyon yo double pou vitès nan yon zòn travay epi selon Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay (Work Zone Safety Act) yo, kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakoz yo pran lisans yon moun. Konsèy sou sekirite zòn travay la disponib [isit la](#).

Pou enfòmasyon vwayaj an tan reyèl, otomobilis yo ta dwe rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon 511NY lan gratis.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)